

# Sibstans Pa- ak Polifliyowoalkil (SPFA, PFAS nan lang angle) Kesyon Moun Poze Souvan

## Kisa PFAS ye?

PFAS se yon gwo gam pwodui chimik lòm fè k ap sèvi depi lane 1950 yo. Itilizasyon kèk nan pwodui chimik sa yo diminye anpil nan peyi Etazini depi 10 lane ki sot pase yo. Moun toujou rete ekspoze ak PFAS paske yo toujou prezan nan anviwònman an. PFAS pa elimine fasil nan anviwònman an. Yo akimile tou nan kò moun ak bèt ki ekspoze. Pandan 10 lane ki sot pase yo, moun vin gen plis enterè pou PFAS.

## Nan ki fason mwen ka ekspoze ak PFAS?

ATSDR ak asosye sante nan eta nou an ap etidye ekspozisyon ak PFAS nan yon seri sit. Ou jwenn PFAS pre kote moun fabrike yo oswa itilize yo. Men yon lis kote ou kapab jwenn yo.

- Sistèm dlo piblik ak pi dlo potab, tè, ak lè deyò tou pre zòn endistriyèl kote yo itilize PFAS souvan
- Lè anndan nan espas ki gen ladann tapi, tekstil ak lòt pwodui konsomasyon ki trete ak PFAS pou reziste tach
- dlo ansifas (lak, madlo, elatriye) ak dlo ki desann nan zòn kote yo sèvi souvan ak fom (AFFF) pou goumen kont fòmasyon dife avèk yon kouch akez (ki fèt ak dlo) (tankou teren aviyasyon militè oswa sivil)
- Pwason lokal yo pran nan dlo kontamine
- Manje yo vann nan mache

## Pwodui konsomasyon kapab yon sous ekspozisyon nan PFAS. Pami pwodui sa yo genyen

- Sèten papye ki rezistan ak grès, papye pou vlope manje rapid, sachè pòpkòn maykwewev, bwat pizza ak papye sirèt
- Ekipman kwizin antiadezif tankou kaswòl ak chodyè Teflon®<sup>1</sup>
- Revètman rezistan ak tach tankou Scotchguard®<sup>1</sup> yo itilize sou tapi, ranbouraj ak lòt twal
- Twal rezistan ak dlo tankou Gore-Tex®<sup>1</sup>
- Pwodui netwayaj
- Pwodui swen pèsònèl (chanpou, fil dantè) ak pwodui kosmetik (kitèks, makiyaj je)
- Penti, vèni ak mastik

Sanble jefò yo fè pa gen twò lontan pou sispann itilizasyon PFAS nan pwodi konsomasyon reyisi bese ekspozisyon nan mitan popilasyon ameriken an. Sondaj CDC yo montre nivo PFAS nan san bese ofiamezi. Moun kap travay ak PFAS gen plis chans pou yo ekspoze pase popilasyon jeneral la. Ouvriye ka ekspoze ak PFAS lè yo respire yo, genyen yo sou po yo, ak lè yo vale yo, men respire yo se mwayen pi komen pou ekspozisyon.

## Nan ki fason mwen ka diminye ekspozisyon mwen ak PFAS?

Yo jwenn PFAS kay moun ak bèt toupatou nan lemonn. Yo jwenn yo nan sèten pwodi ak nan anviwònman (lè, dlo, tè elatriye). Pa gen chans pou yo fini nèt avèk ekspozisyon nan PFAS la. Men, si ou rete pre sous kontaminasyon PFAS, ou kapab aji pou diminye ris pou w ekspoze ak PFAS:

- Sèten eta bay avètisman sou pwason nou manje ki soti nan dlo ki gen wo nivo PFAS. Kontakte depatman sante piblik ak depatman kalite anviwònman nan eta w la pou aprann konnen ki kalte pwason sous lokal ou ka manje san danje.
- Si dlo w la gen PFAS ladann, ou kapab diminye ekspozisyon an ak yon sous dlo altènatif oswa trete pou bwè, preparasyon manje, kwit manje, bwose dan ak tout aktivite ki ka fèt ak dlo w ap bwè.
- Pa gen danje pou pran douch oswa benyen nan dlo ki kontamine ak PFAS. Ni pran douch nòmal ni benyen nòmal pa yon gwo sous ekspozisyon. Etid yo fè montre kantite PFAS po moun absòbe piti anpil.

## Kijan PFAS kapab afekte sante moun?

Syantifik yo pa twò konnen konsekans sou sante moun ki ekspozé nan PFAS. Sèten etid yo fè lakay moun montre sèten PFAS ka afekte devlopman fetis ak timoun, tankou chanjman ki ka rive nan kwasans, aprantisaj ak konpòtman. Mete sou sa, yo ka bese fètilite epi entèfere ak òmòn natirèl kò a, ogmante kolestewòl, afekte sistèm iminitè a epi menm ogmante chans pou fè kansè.

- PFAS akimile epi rete nan kò moun epi kantite a bese lantman ofiamezi. Kidonk doktè ak syantifik ap reflechi sou konsekans yo kapab genyen sou sante moun.
- Sèten etid montre bèt ki resevwa PFAS gen chanjman nan fwa, tiwoyid, pankreyas ak nivo òmòn yo. Syantifik pa twò si kisa enfòmasyon konsènan bèt yo vle di pou sante moun. PFAS pa aji menm jan lakay moun ak lakay bèt epi yo ka danjere nan diferan fason.

## Kijan mwen ka konnen plis?

Kontakte 1-800-CDC-INFO pou jwenn dènye enfòmasyon sou sijè sa.

Kontakte Komisyon Sekirite Pwodi Konsomasyon nan (800) 638-2772 si w gen kesyon sou pwodi w ap itilize lakay ou yo.

**Ale sou sitwèb annapre yo pou jwenn plis enfòmasyon:**

### Sitwèb ATSDR

<http://www.atsdr.cdc.gov/pfc/index.html>

### Ajans Pwoteksyon Anviwònman

<http://www2.epa.gov/chemical-research/perfluorinated-chemical-pfc-research>

## Lis PFAS komen ak abrevyasyon yo

Melanj	Abrevyasyon
Silfonat pèfliyowobitann	SPFB (PFBS nan lang angle)
Silfonat pèfliyowohexann	SPFHx (PFHxS nan lang angle)
Silfonat pèfliyowooktann	SPFO (PFOS nan lang angle)
Asid pèfliyowoheptanoyik	APFHp (PFHpA nan lang angle)
Asid pèfliyowooktanoyik	APFO (PFOA nan lang angle)
Asid pèfliyowononanoyik	APFN (PFNA nan lang angle)
Asid pèfliyowodekanoyik	APFD (PFDA nan lang angle)
Asid pèfliyowoundekanoyik	APFUnD (PFUnA nan lang angle)
Asid pèfliyowododekanoyik	APFDoD (PFDoA nan lang angle)
Silfonamid pèfliyowooktann	SAPFO (PFOSA nan lang angle)
2- Asetat (silfonamid pèfliyowooktan N-Metyl)	Me-PFOSA-AcOH
2- Asetat (silfonamid pèfliyowooktan N-Ethyl)	Et-PFOSA-AcOH

### Nòt

<sup>1</sup>Itilizasyon non komèsyal se pou rezon idantifikasyon sèlman epi sa pa vle di Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo/Ajans Rejis Sibstans Toksik ak Maladi, Sèvis Sante Piblik oswa Depatman ameriken Sante ak Sèvis Sosyal andose pwodui sa yo